

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**


#### **5.1 Kacindekan**

Luyu jeung tujuan nu hayang dihontal sarta pedaran tina bab IV, ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsiéun unsur panggentra dina novél *Payung Butut* karangan Ahmad Bakri. Tina hasil analisis data unsur panggentra dina kalimah basa Sunda, bisa dirangkum saperti kieu.

- a. Unsur panggentra (vokatif) nya éta unsur tambahan atawa sélérl (satelit) tina kalimah, anu mangrupa kecap atawa frasa barang anu nuduhkeun jalma anu diajak nyarita. Sipatna manasuka, bisa aya bisa henteu, sarta cicingna bisa di hareupeun, tengah kalimah, jeung tungtung kalimah. Salian ti éta aya nu nyebutkeun yén vokatif téh nya éta bentuk seru keur ngaran, gelar, atawa ungkapan-ungkapan séjén. Vokatif ngabogaan fungsi keur nanya batur anu ku urang diajak ngomong jeung digunakeun di awal, tengah, atawa ahir kalimah. Vokatif biasana ditandaan ku tanda (,) koma.
- b. Data unsur panggentra dina kalimah anu kapanggih tina novél *Payung Butut* téh aya 109 kalimah. Tina 109 kalimah téh kapanggih aya 14 (12,8%) unsur panggentra nu posisina di awal kalimah, 63 (57,8%) unsur panggentra nu posisina di tengah kalimah, 31 (28,4%) unsur panggentra nu posisina di ahir kalimah, jeung 1 (1%) unsur panggentra nu posisina aya di tengah-ahir.

- c. Wujud unsur panggentra bisa mangrupa kecap, bisa mangrupa frasa. Jadi, aya dua wujud unsur panggentra dina kalimah nya éta (1) unsur panggentra ngawujud kecap; jeung (2) unsur panggentra ngawujud frasa. Data nu kapanggih aya 22 (64,7%) unsur panggentra ngawujud kecap jeung 12 (35,3) unsur panggentra ngawujud frasa.
- d. Unsur panggentra ngawujud kecap kapanggih aya tilu wujud, sedengkeun unsur panggentra ngawujud frasa kapanggih aya tujuh pola unsur panggentra. Bisa ditempo dina bagan 5.1 ieu di handap.

Bagan 5.1  
Wujud Unsur Panggentra



- e. Tina hasil analisis data kapanggih aya opat ma'na unsur panggentra nya éta (1) ma'na ngagentaan, (2) ma'na tumanya, (3) ma'na paréntah; jeung (4) ma'na negeskeun. Data nu kapanggih aya 17 (15,6%) unsur

panggentra dina kalimah nu ngandung ma'na ngagentaan, 46 (42,2%) unsur panggentra dina kalimah nu ngandung ma'na tumanya, 14 (12,84%) unsur panggentra dina kalimah nu ngandung ma'na paréntah, jeung 32 (29,35%) unsur panggentra dina kalimah nu ngandung ma'na negeskeun.

f. Ciri unsur panggentra nu kapanggih tina novél *Payung Butut* nya éta (1)

Unsur panggentrana dicirian ku ayana tanda koma (,); (2) Unsur panggentra diwujudkeun ku kecap ngaran jalma; (3) Unsur panggentra diwujudkeun ku kecap gaganti ngaran (pancakaki); (4) Unsur panggentra diwujudkeun ku kecap gaganti ngaran (landian); (5) Diwujudkeun ku frasa sesebutan; (6) Umumna ngandung harti ngagentaan, tumanya, paréntah, jeung negeskeun; (7) Sipatna manasuka, cicingna bisa di awal, tengah, jeung ahir kalimah.

Dumasar kana rangkuman di luhur, bisa dicindekkeun yén unsur panggentra kalimah basa Sunda dina novél *Payung Butut* karangan Ahmad Bakri téh mangrupa unsur kalimah nu gunana pikeun panggero. Ieu unsur panggentra téh ngabogaan (1) wujud minangka kecap jeung frasa; (2) posisi di awal, di tengah, di ahir, jeung di tengah-ahir kalimah; (3) ma'na ngagentaan, tumanya, paréntah, jeung panege; sarta (4) ciri nu tangtu saperti dicirian ku ayana tanda koma (,). Jaba ti éta, unsur panggentra dina kalimah bisa dipaké pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA.

## 5.2 Saran

Aya sawatara saran anu perlu ditepikeun dina ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan unsur panggentra nu kapanggih, posisi unsur panggentra, wujud unsur panggentra, ma'na unsur panggentra, jeung ciri unsur panggentra tina wacana tulis. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu sumberna tina wacana paguneman lisan.
- b. Bahan pangajaran unsur panggentra kakara disusun dina wangun silabus jeung RPP. Ku kituna, pikeun ngayakinkeun luyu henteuna ieu bahan, perlu aya panalungtikan séjén nu mangrupa uji coba bahan pangajaran unsur panggentra di SMA nu tangtu.